Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

# ВЕСТНИК Чапар

КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 51 (9845) 30 декабрь 2019 с. / Итни 4 Джумадуль-аввал 1441 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru




## Поздравляем!

**В преддверии Нового года мы непременно ждём чуда и испытываем надежду на то, что в следующем году всё обязательно получится**

Новый год-это время, когда принято подводить итоги прошедшего года и строить планы на будущее. Уходящий год был годом упорной и продуктивной работы для всех нас.

От всей души поздравляем вас с Новым годом! Новый год- осо-бенный праздник: он дарит надежду и несёт радость новых начинаний. В наступающем году желаем вам крепкого здоровья, счастья, душевной стойкости, уверенности в своих силах и оптимизма. Пусть в ваших домах царят благополучие, любовь и процветание.

**Глава МР «Казбековский район» Г.Г.МУСАЕВ.**
**Председатель Собрания депутатов Г.М.ГИРИСХАНОВ.**

## Уважаемые казбековцы!

Новый год-самый добрый и светлый праздник, который с радостью и волнением одинаково ждут и взрослые, и дети. Встречая Новый год, мы стараемся сохранить в памяти всё самое хорошее, что было в уходящем году, и строим планы на будущее.

Искренне желаю всем, чтобы Новый 2020 год стал годом творческих свершений и воплощения намеченных планов.

**Депутат НС РД М-п. (К.-п.) Д. УМАХАНОВ.**

От всего сердца поздравляю вас с Новым годом!

Искренне надеюсь, что все полезное и доброе, задуманное вами, сбудется. И никаким невзгодам, кризисным явлениям не разрушать ваших планов и уверенности в завтрашнем дне. Пусть Новый год принесёт в ваши дома достаток, мир, дружбу и любовь!

**Секретарь политсовета Казбековского отделения**
**ВПП «Единая Россия» Д.Г.МАХАЧЕВ.**

## Х1урматаял районцоял!

Рак1-рак1алъ баркула, нужеда т1аде щвараб Ц1ияб 2020 сон. Гьарула нужее щулияб сахлъи, талих1 ва гьарулел ишазулъ бит1ккей. Т1ураги нужер анищал.

**Жамг1ияб палатаялъул председатель Х1.А.АДИМИРЗАЕВ.**
**Харабазул Советалъул председатель М.Г1.ЧУПАЛАЕВ.**
**Рагъул ва зах1маталъул ветераназул**
**Советалъул председатель Х.Г1.МУХ1АМАДХ1АБИБОВ.**

## Баркула нужеда дица Щlияб сон!

Хъизан-лъималазда, гlагарлъиялда,
Гlумру асклоб арал мадугьалазда,
Дун цадахъ хlалтlарал коллективазда,
Тlоцебе баркула тlаде щвараб сон.

Рии-их битlараб,хур цlун бачlунеб,
Батаги Цlияб сон нилъер щивасе.
Миллат цlехечlого, цlар гьикъичlого,
Баркула Цlияб сон районцоязда.

Гьава-бакъ рекъараб, рекъел щулияб
Батаги гьаб лъагlел тlолго халкъалъе.
Россиялда ругел гьудулзабазда,
Салам кьун, баркула дица Цlияб сон.

Талихl-рохелалъул цlураб батаги
Цlияб сон кидаго тlолго халкъалъе.
Умумузул тарих бечед гьабулел
Бахlарзазул цlеги гlагараб район.

Намусги бечедал гlаданлъи тlоклал
Ясал гlун рачlаги нилъер росабалъ.
Гlадамазул мурад тlубан хlалтlулел
Тlадчагlи цlикlкlаги идарабазда.

Тlолго хlалтlабазулъ бергьенлъиги щун,
Машгьурлъаги район Дагъистаналда.
Тlолго миллатаца Россиялъул цlар
Къойилго рехсаги гьаб Цlияб соналъ.

**Мух1амадбег АБУЛАЕВ, Гуни росу.**

# Ц1ияб парк рагьана

**«Чапар»** газеталъул цересел номеразда хъван бук1ана, **«Шагьаралъул санаг1алъаби»** проекталда рекъон, ни лъер районалда гьаризе рихьизарурал ва гьарурал х1алт1абазул х1акъалъулъ.



23 декабралда Дилим росулъ т1обит1ана **«Советияб власталъе г1оло къеркьаразе»** эхетараб памятникалда, сверухъ бак1 къач1аялда ва х1ухьбахъиялъе ц1ияб парк рагьиялда хурхараб данделъи.

Гьеб рохалилаб тадбиралда г1ахьаллъана-районалъул бет1ер Х1.Х1. Мусаев, гьесул заместителал, райадминистрациялъул отделазул, учреждениябазулгун организациябазул х1алт1ухъаби, зах1маталъул ветеранал, росдал жамаг1аталъул вакилзаби ва ц1алдохъаби.



Гьеб данделъиялда к1алъарал- Х1.Мусаевас, Т1.Салаевас, Э.Идрисовас,С.Салих1овалъ ва цогидазги, баркиялъул раг1абаздаса хадуб, гьениб бицана росу берцинаблъун бук1инабиялъе, г1адамазе санаг1алъаби ч1езариялъе республикаялъегун районалъе нухмалъулез кьолеб бугеб к1варалъул.

Данделъиялъул г1ахьалчаг1азда цере музыкалиял номералгун рахъана-Руслан ва Лайла Имамирзаевал, искусствоялъул школалъул ц1алдохъаби.

**«Шагьаралъул санаг1алъаби»** проекталда рекъон,2019 соналъ нилъер районалда къач1ана ва рагьана 5 жамг1ияб бак1.

**Х1. КАРИМОВА.**

Райадминистрациялда

***Комиссиялъул данделъи т1обит1ана***

Ц1ализе бегьула - 2 гьум.

Конкурс: «Никто не забыт,ничто не забыто»

***Можно ли такое предать забвению?***

Читайте на 3 стр.

Спорт-инсанасул сахлъи

***Волейбол***

Ц1ализе бегьула - 4 гьум.

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

ГIабдуразакъ МухIамадов, ИчкIа росу.

## Ц1ияб сонадле

Бачlарабищ, ЦIияб сон?
Дудаса ниж рохула,
Рекlел хиялазда тlад
ЦIиял хъулал рижуна.

Гьава- бакъ рекъон ккараб,
ТIабигIат берцинлъараб,
ТIощел гьарза бижунеб,
Батаги мун, Ц1ияб сон.

ТIадчагIазе гIакълу кье,
ГIадамазе сабру кье,
ДандчIвалел къварилъаби
Къезаризе къуват кье.

КъабихIал пишабазда
ТIад щулияб къоно чIвай,
Мискинзаби хIулулел
ЦIогьазе гIадлу гьабе.

Бикъа-хъами, хIилла-рекIкI,
ХIалихьалъи, къадарлъи,
ГIадамазда гьоркьоса
Даималъ тIагIинаре.

Иман-исламалъул нух,
Намус бацIцIадго, кколел,
Сахаватал гIолилал
Ц1ик1к1инаре, Ц1ияб сон.

# Прокуратура сообщает...

Прокуратурой района проведена проверка законности получения федеральной социальной пенсии по потере кормильца в соответствии с Федеральным законом от 28.12.2013 N 400-ФЗ **«О страховых пенсиях».**

Как установлено, житель района- получатель пенсии с 02.02.2014, в последующем, будучи предупрежденным о необходимости сообщать в отделение пенсионного фонда сведений об обстоятельствах, влекущих прекращение указанных выплат не сообщил о своем трудоустройстве в феврале 2018 года, в связи с чем незаконно получил пенсию по потере кормильца и социальную доплату к пенсии с марта 2018 года в общей сумме 102 792, 11 рублей.

Материалы проверки прокуратурой-направлены в следственные органы для решения вопроса об уголовном преследовании.

По результатам их рассмотрения в отношении него возбуждено уголовное дело по ч. 1 с г. 159.2 УК РФ (мошенничество при получении выплат).

---

В работе мобильной приемной прокурора района приняли участие-глава МР **«Казбековский район»,** председатель Собрания депутатов, заместитель начальника ОМВД начальник абонентского пункта ООО **«Газпроммежрегионгаз Махачкала»,** и глава администрации села.



Всего на приём к прокурору обратились 7 человек.

Обращения граждан касались вопросов земельного, жилищного законодательства, социального обслуживания населения, а также качества обслуживания дорог.

Кроме того, прокурором осуществлен прием 2 маломобильных граждан, инвалидов 1 и 2 групп (с выездом на дом).

По результатам приема, прокурором района приняты два обращения, одно из которых в части неправомерных действий жителей соседнего села по разрешению проезда через старую дорогу в село Дылым, а второе о необеспечении чернобыльца путевками на саниторно-курортное лечение, по результатам рассмотрения которых будут приняты все необходимые меры реагирования в отношении виновных лиц.

По поступившим от граждан устным обращениям прокурором даны разъяснения положений действующего законодательства.

**Райадминистрациялда**

# Комиссиялъул данделъи т1обит1ана



18 декабралда, районалъул бет1ер Х1.Х1. Мусаевасул нухмалъиялда, т1обит1ана рак1алда рук1инч1ел лъугьа-бахъинал лъазариялъул ва гьел т1аг1инариялъул комиссиялъул (**ГО**ялъулгун **ЧС**алъул) данделъи.

Гьенире г1ахьаллъана-райадминистрациялъул, ОМВДялъул х1алт1ухъаби, учреждениябазегун организациябазе нухмалъулел ва жавабиял х1алт1ухъаби.

Данделъиялъул хал гьабиялде босун бук1ана «**Дилим росулъ ругел ччук1унел бак1ал т1аг1инариялъе гьаризе кколел тадбирал»** абураб суал. Гьелда т1асан к1алъай гьабуна бак1алраялъул ва архитектураялъул отделалъул бет1ерав специалист Расул Юнусовас.

Гьединго, гьениб бицана 2018 соналъ геологаз гьарурал хасал ц1ех-рехазул х1асилалда, гьединабго ах1вал-х1ал бук1ин Ленинаул ва Калининаул росабальги.

**«Республикаялъе нухмалъулезги к1вар буссинабун буго нилъеца жакъа гьанир рорхарал суалазде. Нилъеда т1адаб буго, нахъ бахъич1ого, гьел суалал бет1ералде рахъинариялда т1ад х1алт1изе»,**-ян абуна Х1.Х1. Мусаевас.

Гьениб бицен гьабуна Ц1ияб соналъул байрамалда ц1а ккеялъул х1ужаби риччангут1иялъе гьаризе кколел х1алт1абазулги.

**И. ИДРИСОВ.**

**Инсан ва гIумру**

# Буртунаялда – спортплощадка



24 декабралда Буртунай росулъ рагьана футбол хIаялъе гьитIинаб стадион.

Гьеб рохалилаб тадбиралда гIахьаллъана- районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаев, гьесул заместителал, райСобраниялъул председатель Гъ.М. Гьирисханов, РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М.-П. (К.-п.)Д. ГIумаханов, жамгIиял хIаракатчагIи, учреждениябазулгун организациябазул вакилзаби, гIолилал, мугIалимзабигун цIалдохъаби, лъималазул ахалъул тарбиячагIи.

ХIурмат тIадегIанал гьалбаллъун гьенир рукIана-гьеб стадион базе ишалъулаб кумек гьабурав «Черномортранснефть» гIуцIиялъул Генералияв директор Александр Зеленко, гьесул вакилзаби: Александр Садыков,Татьяна Беглова, РДялъул промышленностальулгун энергетикаялъул Министр С.Д. ГIумаханов, гьесул вац АхIмадпаша ГIумаханов ва цогидалги жавабиял хIалтIухъаби.

Гьеб байрам рагьана, Россиялъул Гимнадза гьоркь ва Россиялда байрахъ борхиялдалъун, Олимпиадаялъулгун ТIолгодунялалъул эркенаб гугариялъул чемпион Мурад ГIумахановас, хадуб, лентаги къотIун, стадионалъул кIулал ричIана- С. ГIумахановас, ХI. Мусаевас ва А. Зеленкоца.




Баркигун кIалъазе рахъарал - ХI. Мусаевас, С. ГIумахановас, республикаялъул бетIер В. Васильевасул, хIукуматалъул председатель А. Здуновасул, районалъе нухмалъулезул ва росдал жамагIаталъул рахъалдасан, А.Зеленкое, районалъе гьабулеб ишалъулаб кумекалъухъ, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна. ХI. Мусаевас А.Зеленко кIодо гьавуна райадминистрациялъул ХIурматалъул грамотаялдалъун ва къиматаб сайгъаталдалъун.

Жиндирго кIалъаялда Зеленкоца, живго кIодо гьавиялъухъ, баркала загьир гьабуна районалъе нухмалъулезе, тадбиралъул гIахьалчагIазе ва гьес абуна бажарараб кумек гьабизе жив хIадурав вугилан.

Нилъ нугIзаллъун руго Зеленкоцаги гьесул кумекчи М-паша ГIумахановасги нилъер районалъе гьабулеб бугеб кумекалъе. Гьедин, гьез кумек гьабуна Ленинаулалъул больницаялъе, сакъатал лъималазул Централъе, ХIамзаюрталда площадка баялъе.

Къокъаб заманалда спортплощадка хIадураразеги ХI. Мусаевас баркала загьир гьабуна.

Гьеб тадбиралда концерталъул программагун цере рахъана - Дилим, Буртунай росабазулгун искусствоялъул школазул художественниял коллективазул г1ахьалчаг1и, культураялъул х1алт1ухъаби, Лайла ва Руслан Имамирзаевал.

**С. САБИЕВ,** Буртунай росу.

# Щ1ияб соналъул гьари



Баркула, гьудулзаби,
Киназдаго Ц1ияб сон!
Баракатгун, рах1матгун
Т1аде щвараб батаги.

Сахлъи щулияб босун,
Сабру халатаб босун,
Рак1азе х1алхьи босун,
Бач1араб батаги гьеб.

Ургъелал к1очон таги,
Къварилъаби лъагеги,
Лъик1ал гурел хабарал,
Нилъеда раг1угеги.

Ракъдаллъи бихьугеги,
Ракъиялъ х1ал лъогеги,
Х1алхьияб заман бач1ун,
Киналго рохун таги.

Хайрудин **ВИСАИТОВ**, Калининаул росу.

# Махщелазул ярмарка

19 декабралда районалъул культураялъул Централда т1обит1ана, **«Махщелазул ярмарка»** абураб ц1аралда гьоркь, лицеялъул ч1ах1иял классазул ц1алдохъабигун дандч1вай. Г1адамал х1алт1удалъун хьезариялъул Централъул специалист Мадина Магьдихановалъул х1аракатчилъиялда т1обит1араб гьеб тадбиралда г1ахьаллъана - Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул, нухазулгун ралел бак1азул ва г1адамазе хъулухъ гьабиялъул колледжабазул вакилзаби.



М.Магьдихановалъ ц1алдохъабазе гьениб бицана махщел т1аса бищиялъул ва хадусеб г1умрудулъ гьелъул бугеб к1варалъул.

Мадинаца абуна: **«Рек1ее бокьулеблъун, жиндиегоги г1адамазе ц1ик1к1ун пайда кьолеблъун бук1ине ккола т1аса бищулеб махщел. Г1емераб хайир щолеб, бигьаяб х1алт1и балагьизе лъугьине бегьуларо, гьелъ лъик1алдеги рачунаро. Г1емер ургъун, киналго рахъазул хал гьабун, бище махщел, гьедин гьабуни, нужее гьабулеб иш бигьалъула, гьеб рохел кьолеблъунги лъугьуна»**,-ян.

Т1аде рач1арал ц1алул заведениябазул вакилзабаз ц1алдохъабазе бицана жидеца кьолел махщелазул, гьел махщелал республикаялда х1ажат рук1иналъул ва жидер заведениябазда студентазул бугеб г1умруялъул.

Гьединго, гьениб бицен гьабуна ЕГЭ кьеялъул ва ц1ализе росиялъул ц1иял къаг1идабазул х1акъалъулъ. Бицунеб тасдикъ гьабулеб бук1ана рихьизарурал видеороликаз.

Данделъи нухда бачана Ажабика Г1абдулмуслимовалъ.

# Мустах1икъаб шапакъат



2019 сон лъазабун бук1ана Россиялъул театралъул Сонлъун. Нилъ нуг1заллъун руго, къокъаб заманалда, районалъул культураялъул х1алт1ухъан Мух1амад Дудуевасул церет1еязе. Гьес махщалида ролал х1ана республикаялдагун нилъер районалда т1орит1арал театраиял постановкабазда, жигараб г1ахьаллъи гьабуна республикаялъул халкъиял театразул театралияб олимпиадаялда.

Гьал къояз, гьес гьабураб х1алт1и х1исабалдеги босун, Мух1амад к1одо гьавуна Дагъистаналъул культураялъул Министерствоялъул Баркалаялъул кагъаталдалъун.

**А.ДИБИРОВА.**

*Конкурс:* **«Никто не забыт, ничто не забыто»**

# Можно ли такое предать забвению?



Приближается 75-летие Великой Победы. Победы, которая была добыта в результате жестоких боев, большой крови и миллионов человеческих жизней. 1418 дней и ночей, не зная ни минуты отдыха, сражались Советские люди с беспощадным врагом.

Казалось, что ничто не предвещает беды. Лето… Кто-то собирается в отпуск, а кто-то уже в отпуску. Везде выпускные балы, мечты, мечты, и мечты. Европа почти полностью под фашистским сапогом. Многие наши знали, что над страной сгущаются тучи войны, но не хотели верить этому, надеялись на чудо.

И вот, вероломно, не объявляя войны, фашистская Германия напала на СССР. От Черного моря до Балтики, на спящую Советскую землю посыпались бомбы, двинулись полчища захватчиков. В первые месяцы войны наша армия отступала, несла огромные потери, и это дало повод немецким генералам говорить всему миру, что Красная Армия разгромлена, она в агонии, и в считанные дни СССР перестанет существовать. Они не знали, что огромная страна превращается в единый военный лагерь, им будут противостоять от мала до велика и огромный маховик противостояния только начинает набирать обороты. Не будем вдаваться в подробности, в результате героизма Советских солдат, тружеников тыла удалось остановить врага, а потом и погнать туда, откуда он пришел. Это стоило нам огромных потерь, моря крови и сломанных судеб. История человечества ещё не знала таких войн. В один миг исчезали целые роты, батальоны и полки солдат. Были тысячи бесследно исчезнувших, или как говорят, пропавших без вести. Судьбы многих из них были выяснены, но остаются ещё много белых пятен в судьбах тех, кто спас нашу Родину от коричневой чумы. Прошли 75 лет со дня окончания войны, но еще не зажили раны, нанесенные ею.

**Хочу привести один пример жестокости войны. Казалось бы, что позади битва за Москву, разгром армии Паулюса в Сталинграде, Курская дуга и теперь ничего не может остановить победоносное наступление Советских войск. Да, громили врага, освобождали родную землю от фашистов, но цена этому была ещё велика. Вот донесение командиров 791 стрелкового полка 135 стрелковой дивизии.**

**28 февраля 1944 года комиссия в составе: председателя временно исполняющего начальника штаба дивизии майора Мельникова, членов комиссии: начальника 4-го отделения капитана Гусева, начальника 5-го отделения капитана Объедков а, старшего оперуполномоченного контрразведки СМЕРШ капитана Зацепилина и информатора политического отдела 135-й стрелковой дивизии капитана Батурина составили настоящий акт. Акт составлен на предмет списания потерь личного состава, частей дивизии, так как из-за отсутствия документов не представляется возможным оформить именные списки безвозвратных потерь.**

**Во время боевых операций с 4 по 15 ноября 1943 года, ввиду создавшейся тяжелой обстановки в районе Котлярка Житомирской области, 791-й стрелковый полк был окружен противником. 12 ноября 1943 года, в течение 3 дней, полк вел бой в окружении. В целях сохранения военной тайны, вся документация штаба полка, в том числе книги учета сержантского и рядового состава, по приказу командира полка майора Елисеева, были уничтожены.**

**Личный состав, не вышедший из окружения, частично погиб в боях, или был рассеян по лесам и окружающим селениям в тылу врага. В результате боев, 791-й стрелковый полк потерял 187 сержантов и 801 рядовых.**

**28 января 1944 года, в результате боевых действий, 791-й полк вторично попал в окружение противника в районе Нерубенка Винницкой области. С 28 января по 9 февраля 1944 года полк вел бои в тылу противника. Здесь, как и под Котляркой, по приказу командира полка были уничтожены все штабные документы, в том числе и книги учета сержантского и рядового состава. Так же были уничтожены документы отдельных подразделений дивизии, находившихся в окружении со вместе с 791-м стрелковым полком. Безвозвратные потери за указанный период составили 892 человека.**

**(Донесение о безвозвратных потерях №25473 от 29 апреля 1944 года. ЦАМО: ф. 58, о. 18002, д. 478).**

**Кстати, в этом полку служил Абдулкагир Вашаев, призванный Хасавюртовским РВК из с. Акташ-Аух. Погиб 14 ноября 1943 года. Похоронен в братской могиле (г. Киев).**

Мы должны делать всё, чтобы будущие поколения не забыли героическое прошлое наших отцов и дедов, делать все, чтобы подобное никогда не повторилось.

В послевоенный период многие много раз старались переписать историю Второй мировой войны, умалять роль нашей победы. А то, что теперь происходит, не поддается никакому объяснению. Даже те которые воочию увидели немецкий **«новый»** порядок начали утверждать, что он нёс всем благополучие и благоденствие. Тех, кто вместе с врагом убивали и грабили, делать освободителями и героями.

Уже дошло до того, что фашистские недобытки открыто маршируют по улицам различных городов Европы. На встрече с лидерами СНГ, Президент России В.В.Путин документально доказал, что именно предательство западных политиков привело ко Второй мировой войны и на них целиком и полностью лежит ответственность за миллионы погубленных жизней.

М-а. **ДАДАЕВ**, с. Дылым

# Баркала нужее, лъикIал гIадамал!

Киназдаго лъала, тIаде къо ккарабго, нилъер гIадамал кумекалъе,сундухъго балагьичIого,рахъунеллъи.

Узухъда, цебе заманалда кумек гьаби цIикIкIун букIунаан, гьелде хIажалъиги гIемер кколаан. (Хур-хералъул хIалтIаби, мина бай, ва гь.ц. Гьезда гвай байилан,гъастIабакIилан абулаан). Гьаб заманалда гьединал х1алт1аби гьарула батIи-батIияб техникаялъ,бакIал рала устарзабаз ва кумек гьабиялъул иш гьелъ дагьлъун буго. Гьанжесеб заманалда гьелде регIарал чагIиги рукIунел гьечIо. Амма балагьал лъугьа- бахъиназда нилъер гIадамал цолъулелги кумекалъе рахъунелги руго.

Гьелъие гIемерал мисалал рачине бегьула,гьелъул хIакъалъулъ бицуна ва хъвала. Умумулъанго бачIараб гьеб рахъ цIунун букIиналдаса дун цIакъ йохарайги йиго.

Дагьал церегIан къояз Гертмаялде унел дир васал ккана автоавариялде. ТIаде ккараз гьел, хехлъи гьабун, щвезарун руго больницаялде, тохтурзабаз васазул тIубанго хал гьабун буго.

Бокьун буго дир васазе хIалае ратарал тIолазего, хасго приёмный покоялъул, реанимациялъулгун хирургиялъул отделениябазул хIалтIухъабазе ракI-ракIалъулаб баркалаги загьир гьабизе Ц1ияб сонги баркизе.

Кьеги гьезие сахлъи, рохел,талихI ва гьарулел ишазулъ битIккей.

ПатIимат **УСАМАТОВА**, Дилим росу.

## ИЗВЕЩЕНИЕ
## О ПРЕДОСТАВЛЕНИИ ЗЕМЕЛЬНЫХ УЧАСТКОВ ДЛЯ ВЕДЕНИЯ ЛИЧНОГО ПОДСОБНОГО ХОЗЯЙСТВА

Администрация МР «Казбековский район» Республики Дагестан на основании распоряжения администрации МР «Казбековский район» №524 от 25 декабря 2019 г., и в соответствии со статьей 39.18 Земельного кодекса Российской Федерации информирует граждан о возможном предоставлении в собственность находящихся в муниципальной собственности, для ведения личного подсобного хозяйства в границах населенного пункта село Калининаул следующих земельных участков:

| № | Место-положение | Площадь (кв. м.) | Разрешенное использование земельного участка | Кадастровый номер | Категория земель |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | РД, Казбековский район, с. Калининаул | 1200 | Для ведения личного подсобного хозяйства | 05:12: 000003: 2485 | земли населенных пунктов |

Граждане, заинтересованные в предоставлении земельных участков: вправе подать заявление о намерении участвовать в аукционе.

Заявления о намерении участвовать в аукционе принимаются в письменной форме в течение 30 дней со дня опубликования настоящего извещения на официальном сайте торгов Российской Федерации http://torgi.gov.ru, сайте администрации МР «Казбековский район» http:// kazbekovskiv.ru, и в периодическом печатном издании газете «Чапар», по рабочим дням с 8 до 17 часов по адресу: 368140, РД, Казбековский район, с. Дылым, пр. Шамиля, 43, администрации МР «Казбековский район», кабинете № 17 отдела по управлению муниципальным имуществом и земельных отношений (1-ый этаж) .

Способ подачи заявления: в виде бумажного документа непосредственно при личном обращении, или в виде бумажного документа посредством почтового отправления.

Дата и время начала приема заявлений – 31.12.2019 в 9.00
Дата и время окончания приема заявлений – 30.01.2020 в 8.00
Дата подведения итогов: 31.01.2020 в 9.00
Приемные дни – понедельник-пятница.
Телефон для справок: **89886970722.**

## Уважаемые казбековцы!

Казбековский РОСП УФССП России по Республике Дагестан напоминает гражданам о полномочиях судебных приставов, позволяющих временно ограничить должника в праве выезда за пределы РФ.

Дополнительно получить информацию о наличии возбужденных исполнительных производств и об ограничениях на выезд за пределы РФ можно на официальном сайте ФССП «Банк данных исполнительных производств».

**М.М.МАМАТОВ, начальник отдела Казбековского РОСП**

Районалъул лъайкьеялъул идарабазул х1алт1ухъабаз зигара балеб буго Маржанат Яндаевалда ва т1олабго г1агарлъиялда, - рос

**Арсен**

г1умруялдаса ват1алъиялда бан. Аллагьас гьесул мунагьал чураги.

---

**«Чапар»** газеталъул редакциялъул х1алт1ухъабаз, гьваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго Маржанат Яндаевалда ва т1олабго г1агарлъиялда, - рос

**Арсен**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Гьесие Алжан насиб лъаги.

Спорт-инсанасул сахлъи

## Волейбол



21декабралда Калининаул росулъ тIобитIана, Салатавиялъул бахIарзал ракIалде щвезариялда хурхараб, волейбол хIаялъул турнир. **«Нижер рукъ»** ихтиярал цIуниялъул регионалиябгун жамгIияб гIуцIиялъул, районалъул администрациялъул, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат М-п.(К-п)Д. ГIумахановасул ва росдал администрациялъул хIаракаталдалъун тIобитIараб гьеб турниралда гIахьаллъана 7 команда.

Турниралъул хIурматиял гьалбаллъун рукIана-районалъул бетIерасул заместителал: И.И.Шабазов ва И.Б. Салимханов, М.-п.(К.-п.) Д. ГIумаханов, депутатазул Собраниялъул председатель Гъ. М. Гьирисханов, прокурор М. М.Халилов, финансазул Управлениялъул начальник Р.А. ХIажиев, Хасавюрт шагьаралъул бетIерасул заместитель ХI. Г-г. ГIумаров, судья Я.А. Шарабудинов, турнир тIобитIиялъе квербакъарав, гIемерал соназ районалъул прокурорлъун вукIарав М.М. ИмангIалиев, росабазул администрациябазул бутIрул.

Гьединго, гьенир гIахьаллъана гIемерал волейбол хIаялъул ветераналгун гьеб бокьулел. ХIалуцарал къецаздаса хадуб баянлъана тIоцебесеб бакIалде Дилим росдал команда бачIараблъи, кIиабилеб бакI Гертмаялъул командаялъ босараблъи ва лъабабилеб бакIалъе Калининаулалъул команда мустахIикълъараблъи.

Гьенир рехсана турниралда бищунго лъикI хIаразул цIаралги. Гьел ккола- Р.Этуев (защитник, Калининаул), Р.Булатханов (нападающий, Дилим), А.ГъалбацIов (игрок, Гертма), С.Гелакаев (разводящий, Дилим) ва Ш. МухIамадов (зрительские симпатии, Гертма).

Бечедаб букIана турнир призал кьеялъул рахъалъанги. Гьедин, призалъулал бакIал росарал командаби, гьенир кIодо гьаруна районалъул администрациялъул ва М-п (К-п)Д.ГIумахановасул рахъалдасан гIарцулал шапакъатаздалъун.

Гьединго, жидерго хасал призал кьуна- М.М.Халиловас (М.Мусаевасе, Гертма), Я.А.Шарапудиновас (ГI. ГIузайриевасе, Дилим), Р.А.ХIажиевас (Н.-м. ЛатIиповасе,Дилим).

**И.БУЛАТХАНОВ.**

## Ахириял харбал

**Дунялалда…**

- Бразилиялъул президент больницаялде ккун вуго.
- Курдазул разведкаялъ бихьизабулеб буго Г1иракъалда ИГИЛалъул ц1ияб база бугилан.
- Саг1удияб г1арабазул судалъ х1укму гьабун буго журналист Джамаль Хашог ч1варал щугояв ч1вазе.
- Киевалъги Данбассалъги цоцахъе асирлъуде ккарал хисулел руго.

**Россиялда…**

- 19 декабралда Россиялъул Президент В.В. Путиница Москваялда т1обит1араб пресс-конференция 4 саг1атгун 18 минуталъ халат бахъана. Гьес журналистазул 71 суалалъе жаваб кьуна.
- Хабаровск краялда **«СУ-57»** истребитель бортана. Лётчик гъоркье к1анц1ана.
- В.В. Путиница раг1и кьун буго Саг1ид Г1амировасдаса т1аса лъугьиналъул суалалда т1ад ургъизе.
- Москваялдаса Крымалде т1оцебесеб поезд ана.

**Дагъистаналда…**

- Дагъистаналъул буголъиялъул Министерствоялъ«Эльбин» банкалъухъа нахъе босизе буго 1000 гектар ракьул.
- В.В. Путинил Указалда рекъон, ВДВялъул рагъулаб х1адурлъиялъул начальник, Хив районалъул Ашага-Архит росулъа Арсен Рах1мановасе кьуна генерал- майорасул чин.
- Сергохъала росулъ Россиялъул Бах1арчи Мух1амад Нурбах1андовасе памятник эхетана.
- 2020 соналъ Дербенталъул бюджет 5 млд. гъурщидасаги ц1ик1к1ине буго.

БетIерав редактор:
Мухтар ГIалиевич Чупалаев
тел: 55-48-94
Жавабияв секретарь:
МухIамад-Шарип
ГIабдулашимов
тел: 55-48-95

Мухбирзаби:
ХIалимат Каримова,
Ибрагьим Идрисов,
Асият Дибирова

Фотомухбир:
Насрудин Абужанатов

Набор: Меседо ХIайбаева
Верстка: Марьям АтавхIажиева,
Зайнаб ГIабдулмуслимова.
Типографиялъул адрес:
Хасавюрт шагьар, ООО
"Типография№4. ул. Мусаева 42

Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00.
Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.

Учредитель: Администрация
МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул)
адрес: РД, Казбек район, Дилим росу,
368140,
Индекс: 51354
Заказ №360 Тираж 1100
Багьа - 8 гъур.

Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД
19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола